ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№6 (22.914) • 2015 гъэм щIышылэм (январым) и 17, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дэ дызэщIыгъущ, сыту жыпIэмэ, ды-Урысейщ

Урысей Федерацэм и субъектхэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэхэм я Iэтащхьэхэм зэщIыгъуу жаIар

Дэ, Урысей Федерацэм и субъектхэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэхэм я Iэтащхьэхэм, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIыгу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов С. А. дыщIыгъуу Дагъыстэм щIыналъэм дыздэщIыэм, дызэщIыгъуу жыдоIэ зэгъунэгъуфIу, зэныбжьэгъуу щытыным теухуауэ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм къадзэгъэгурыкIуэ хабзэхэр, Урысейм и щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ псоми я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным къарууэ диIэр етхьэлIэну зэрыдимурадыр. Урысей Федераллъгъуэм и къэралкIуэцI, къэрал щIыб политикэр дызэрыкъуэтыр, сыт и лъэныкъуэкIи абы и акъылэгъуу дызэрыщытыр.

Дэ щэнхабзэ зэхущытыкIэхэм я хабзэ зэхэлъэмэтхэр зиIэ, лъэпкъ кузэду зэхэт икIи зи къекIуэкIыкIэкIи, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ екъэлэ я лIыхъужьыгъэхэмкIи, нагъыщэкIи, щэнхабзэкIи, граждан зэхэщIыкIкIи зэхуэдэ лъэпкъыбзм дралIыкIуэду. «Дыщызэкъуэтым деж дэ ды-Урысейщ» - мис а псалъэхэрщ зыубзыхуэр ди лъэпкъхэм зэман жыжьэм тещIыхьауэ зэрыпсэунури.

Дэ къызэрыптыльэмкIэ, Совет Союзыр зэрыльэлъэжам къыхэкIыу ди зэныщIэныгъэхэр блэкIа илъэсхэм къриубыдэу нэхъ тIасхъэ хъуащ. НэгъуэщI къэралхэм щIыхубзм щыхапщэ щэнхабзэм, абы и купщIэу щытыр Iэухуэхэм ди гъэсэныгъэм и лъабжьэхэр къагъэтIэсхьащ икIи абы и зэранкIэ Кавказым ис лъэпкъхэм зрагъэуащ языныкъуэхэм деж гуэзвэгъуэшхуэхэм хуэкIуэжа гуГуекъхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ ягъэващ.

Абы къыхэкIыу дэ къыдолытэ урысейпсо социально-политическэ зэгухьэныгъэм къыгуэхыпIэ зимыIэ и Iыхьэу щыт Кавказ Ищхъэрэм и экономикэ, щэнхабзэ зэхъуэтыныгъэр зэтегъэуэжыным хуэунэтIа лэжьыгъэр кьыззэщIэгъэIуэным иджыпсту мыхьэнэ хэха иIэу. Апхуэдэ лэжьыгъэм и джэлэсу увыпхъэу ди гугъэщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IэхуэхэмкIэ Правительствэм и комиссэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Д. А. зи пашэм и лэжьыгъэр, апхуэдэу 2014 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Урысей Федерацэм и Къэрал Советым кьыщащта, стратегие мыхьэнэ зиIэ документыр - Урысей Федерацэм и къэрал щэнхабзэ политикэм и лъабжьэхэр - гъэззэщIэныр. Абы кьыщыгъэзэгъуа мурадыр зэгъэхъуIэнымкIэ мыхьэнэ хэха яIэщ федеральнэ округым кьриубыдэу зэщIыгъуу ирагъэкIуэкI Iэухуэхэм - кавказ лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я фестивалым, Кавказ Ищхъэрэм и щIалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ» зэхьэхьэшхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэухуэщ Iэнэхэм я зэIущIэшхэм, нэгъуэщIхэми хуэдэхэм.

Дэ нэсу къыдгуроIуэ лъэпкъ, щыналъэ зэдзэлажьэныгъэхэр щIэгъэхуэбжьэным хуэгъэза экономикэ, щэнхабзэ жэрдэмкэр зэхэлъхьэн икIи ахэр зэкIэлъыкIуэу гъэззэщIэн зэрыхуейр. Къапщтэмэ, дэ къыдолытэ Урысей Федерацэм и субъектхэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэхэм экономикэмкIэ я министрхэмрэ щэнхабзэхэмкIэ я министрхэмрэ щIыналъэхэр зэкъуэзыгъэувэн комплексныр зэхущытыкIэ зэрыщIыгъуу зэхалъхьэн хуейуэ.

«Iыхьлы жыжьэ нэхъ гъынэгъуфI» жаIэу Кавказым ис лъэпкъ куэдым кьадекIуэкI хабзэхэм тету дэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ис псоми захудогъаза ди адэжь-хэм зэтрагъэува щэнхабзэ, хабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр ягъуэну, урысей цIыхубэм я зэкъуэтныгъэм, зэрыщыгъу Урысейм и хъугъуэфIыгъуэу икIи абы и щIыхьыр зыIэту щыт Iэухуэхэм зэхэкъыну икIи ахэр ягъэбыдэну кьыхуедджэу. А псоми хэхауэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Хэку зауэшхуэм кьыщытхъа ТекIуэныгъэр илъэс 70 щрикъум дыщыкъуэкIуэ лъэхъэнэм. Ди дежкIэ лъапIэщ ТекIуэныгъэм щIэзэуахэм я фэеплъыр, и гъащIэм емыблэжу ар кьытхуэзыхьа дэтхэнэ зыми и фэеплъыр. Дэ щIалэгъуалэр кьыхуддэжь ди зэкъуэгъуэм зэрахьа хахуагъэм куууэ егупсысыну - фэ текIуэхэм, дуней псор фашизмэм и емынэм щызыхъумахэм яхуэфэщэн щIэблэу фыувыпхъэщ. Мис аращ хэкур фIыуэ лъагъуныи ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI фэеплъ Iуэхушхуэхэм щIэблэщIэр жыджэру хэшэныи мыхьэнэ хэха щIиIэр. Зэманым къыдэкIуэ гугъуехьхэм тэмэму дапэщIэтыфын папщIэ дэ ноби ТекIуэныгъэ Иныр тщымыгъупщэу мурад лъапIэхэм дакъыщхьэщыжьын папщIэ лъэпкъыр зэрыщыту дызэкъуэвдэфу щытыпхъэщ.

Ди псалъэм и кIэухыу дэ къыхьидогъэщхьэхукI Урысей къэралым дуней псом щиIа увыпIэр зэфIэгъэувэжьнымкIэ, лъэпкъ кузэ зэрыс ди къэралыр зыужьныныгъэ зэпIэзэрыстым и гуэгъум тегъэувжьнымкIэ Путин Владимир Владимир и къуэр Президентым и кьулыкъым зэрыхахар зэкIыпIэ зэрыхуар. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я къыхэкIа, дин зэмылIэужьыгъуэхэм ит цIыхуу Урысейм ис псори лъэпкъым и пашэм къуэувэнырщ ди сабийхэм къэкIуэн дахэ къахуэзгъэпэщыным хуэгъэзазэу къэтхьыну ехьэлIэныгъэщIэхэм я шэсыпIэр. Дэ дызэщIыгъущ, сыту жыпIэмэ, ды-Урысейщ.

● Узыншагъэ

Дызыхьха гъэр Гу-лъынтхуэ узхэм ебэныным и илъэсщ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзам кьыщигъэщхьэхукIащ 2015 гъэр гу-лъынтхуэ узхэм ебэныныкIэ илъэсу увын зэрыхуейр. Апхуэдэ кьалэныр хиубыдэу дыгъуасэ Республикэ клиникэ сымаджщым япэ лекцэм кьыщеджащ.

ГУ-ЛъЫНТХУЭ узхэм ебэныныкIэ лекцэхэм кьеджэныр кьызэIуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ - республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Шэт Ирмэ.** Абы кьыхигъэщхьэхукIащ мы Iуэхуэм Iэщ Iагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирилажьэ дохутырхэр щыгъуазэу щытын зэрыхуейр. Министрым кьыхигъэщхьэхукIащ лъынтхуэ узыфэхэр щагъэхъуж центрыр кьызэрызэIуахам, абы и пащIэдзэ кьудамэ кьалэ клиникэ сымаджэщ №1-ми щылажьэу зэрыщIидзам и фIыгъэкIэ инсультым илъыкIхэр 2014 гъэм нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Ауэ абы и лъэныкъуэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу иджыри Iуэху куэд щыIэщ, сыту жыпIэмэ, гъэ кьэс республикэм исхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэр зэрылIыкIыр а узыфэрщ.

Лекцэм кьрихьэлIащ республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и Iуэхущ IапIэхэм я поликлиникэхэм щылажьэ неврологхэр, кардиологхэр, эндокринологхэр.

Лъынтхуэ узхэм щеIэзэ центрымрэ абы и кьудамэхэмрэ я Iэщ Iагъэ лIхэр дызэрыт илъэсым кьриубыдэу кьеджэнущ инсультым зыщыхъумэным, а зэрагъэхъуж, узыфэ хьалъэр зэуэлIа-гъэ гъащIэм зэрыхагъэзэгъэж щIыкIэм теуха лекцэхэм.

Ди къуэш республикэхэм

Ухуэныгъэхэм мы гъэми пащэнущ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и премьер-министр КъумпIыл Мурат иригъэкIуэкIащ кьуажэхэм фельдшер-акушер пунктхэр щыуухуэным теухуа видеоззIущIэ. Абы хэтащ Адыгейм узыншагъэр хъумэныныкIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрхэр, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.***

ПРЕМЬЕР-министрым кьызэрыхигъэщащи, «Къуажэм и социальнэ зыужьныныгъэ» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, 2010 гъэм щыщIэзэуэ Адыгейм щаухуащ сом мелуан 58,8-рэ зытекIуэда фельдшер-акушер пункт 22-рэ. 2014-2017 гъэхэм тещIыхьа кьуажэ щIыналъэхэм убзыхуэу зегъэужьныныкIэ федеральнэ программэм хиубыдэу нэгъабэ аргуэру ФАП-у 6 яухуащ. Абы сом мелуан 20 трагъэкIуэдащ. Узыншагъэр хъумэныкIэ министерствэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ кьуажэ Iэухуащ IапIэхэр медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрагъэпэщ. Дызыхьха 2015 гъэм ФАП-хэр щаухуэнущ Мейкьуапэ, Тохьутэмыкьуэй, Джаджэ, Теувэж районхэм.

Меларди 7-м щIигъу

IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, дызыхьха 2015 гъэм республикэм и бюджетым налог хэхъуэу сом меларди 7-м щIигъу кьыIэрыхьэнущ. Илъэс кIуам елпытмэ, ар сом мелуан 720-кIэ нэхъыбэщ.

УРЫСЕЙ ФНС-м и Iэхуэщ IапIэу Адыгейм щыIэм кьызэритамкIэ, хэхъуэм и нэхьыбэр - сом меларди 4.360-р - IэнатIэхэмрэ физическэ лицохэмрэ ят налогыщ кьызыхэкIынур. Щыщынэмыщ Iауэ, сом мелард 1.375-рэ акцизхэм щыпэкIуэну республикэр щогугъ. Псори зэхэту Адыгейм и бюджетым и хэхъуэр сом мелард 12.365-м нэсынущ.

Абазэбзэмрэ литературэмрэ я махуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Абазэбзэмрэ абаза литературэмрэ я махуэ Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкIэ колледжым щекIуэкIынущ. А махуэ дыдэм студентхэр яIущIэнущ уэрэдхэр зытх икIи зыгъэзащIэ Хьэсэрокъуэ Билал.***

IУЭХУГЪУЭР кьызэрагъэпэщащ Урысейм щагъаува Литературэм и гъэмрэ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и унафэкIэ 2015 гъэр Лъэпкъыбзэкъэм я илъэсу республикэм зэрыщагъэувамрэ япкъ иткIэ. Бард уэрэджьIакIуэм абаза тхакIуэхэу Жэгутан Къали, Мэхъэ Керим, Лъэбышэ Мирэ сымэ я усэхэм, езым и Iэдакъэщ IакI тхыгъэм кьытращIыкIа уэрэдхэр абазэбзэкIэ, урысибзэкIэ игъэззэщIэнущ. Хьэсэрокъуэр студентхэм яхутепсэльыхьынущ абаза тхакIуэхэу ТхьэщIыху Бемырзэрэ Шыбзыхъуэ Ларисэрэ.

А Iуэхуг ъэм хиубыдэу колледжым и фойем абаза тхакIуэхэм я тхылъхэм я выставкэ щекIуэкIынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Социальнэ пособиехэм хохъуэ

2015 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и мылъкум кьыIэхIыу ят социальнэ пособиехэр проценти 5,5-кIэ хэхъуащ.

САБИЙР кьалъуа иужь анэхэм зэуэ ират ахъшэр сом 14497,8-рэ хьунущ. Япэ сабийр илъэсрэ ныкъуэрэ хьухукIэ зэрыкIэлъыплъым щхьэкIэ мазэ кьэс ят ахъшэр сом 2718, 34-рэ нэхъ мащIэу щытынукъым, етIуанэм, абы кьыкIэлъыкIуэхэм папщIэ кьаIэрыхьэнущ сом 5436,67-рэ.

УэндэгъугъэР мазищым нэсауэ медицинэ Iэухущ IапIэхэм зыщезыгъэтх цIыхубзхэм сом 543,12-рэ иратынущ.

2015 гъэм уэндэгъугъэм щхьэкIэ ятыну пособиер елытауэ щытынущ илъэситIым кьриубыдэу кьихьа улахуэм, зэрылэжьа илъэс бжыгъэм. Ахъшэр тещIыхьауэ щытынущ ику и и лэжьапIщэм. Зэрылэжьа илъэс бжыгъэр мазих нэхъ нэхъ мащIэмэ, нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм (МРОТ) тещIыхьауэ щытынущ.

Ику ит лэжьапIщэр МРОТ-м хуагъадэ, илъэситIым кьриубыдэу улахуэ гуэр имыIамэ е а лъэхъэнэм кьриубыдэу кьихьар нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм нэхъ нэхъ цIыкIымэ.

2015 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэр сом 5965-рэ хьунущ.

Апхуэдэу мы илъэсым хэхъуащ дунейм ехьжа цIыхур щIалъхьэн папщIэ ят ахъшэмэ - ар сом 5277,28-рэ хьунущ.

УФ-м социальнэ страхованэмкIэ и фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Мы махуэхэм

ЩIышылэм и 17, *щэбэт*

♦1934 гъэм Свердлов, Челябинск областхэр кьызэрагъэпэщащ.

♦Дуней псом щыщIэрыIуэ физик, академик, Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и ЛIыхъужь **Курчатов Игорь** кьызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокIу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Щомахуэ Лев** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокIу.

♦УэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэ **ПащIэ Еленэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦ШIэрджэс еджагъэшхуэ, химие щIэныгъэхэм я доктор **Темырдащ Зэуал** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокIу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфаща, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, культурологие щIэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2, жэщым градуси 3 щыхьэнущ.

ЩIышылэм и 18, *тхьэмахуэ*

♦1765 гъэм Урысей пащтыхьым унафэ къыдигъэкIауэ щытащ пщыхьэм емыдаIуэ пщыпIхэр Сыбыр щылэжьэну ягъэкIуэну хуит ищIу.

♦Адыгэ усакIуэ **ПащIэ Бэчмырзэ** кьызэралъхурэ илъэси 161-рэ ирокIу.

♦Кинодраматург, тхакIуэ **Жылэтеж Сэлэдин** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу.

♦Абхъазым, КъШР-м я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Акъ Мухьэрбэч** кьызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокIу.

КъБР-м и Парламентым и депутату щытащ, «УФ-м цIыхубэр егъэджэным и IэнатIэм и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, жылагъуэ лэжьакIуэ **Умэ Светланэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3-м щынэсынущ, жэщым щIыIэр градуси 3 - 4 щыхьэнущ.

ЩIышылэм и 19, *блыщхьэ*

♦1847 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий СулътIан и «Урыс-шэрджэс е адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кIэщI щыIэну» тхылъэр.

♦1965 гъэм Майскэ поселкэр кьалэ ящIащ.

♦ТхакIуэ, уэзщIакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэу щыта **Жылау Нурбий** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокIу.

♦Адыгей усакIуэ, **КIэрашэ Тембот** и щIыхькIэ щыIэ саугъэтым и лауреат, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дербэ Тимур** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3-м щынэсынущ, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхьэнущ.

ЩIышылэм и 19, *блыщхьэ*

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIэМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.

■ Хъыбарыщ Iэхэр ■ Щ Iыуэпсым и макъ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Малъхъэдис

● Ухуэныгъэ

Альберт кьыхелъхьэ

Аруан районым и жылагъуэхэм гулъытэ хэха щыхуащI щIалэгъуалэр спортым дегъэхьэхыным. Къапщтэмэ, Наркъуалэ, Старэ Шэрэдж, Аруан, Псынабэ, Псыкуэд, куэжьхэм футбол щыджэгу губгъуэщIэхэр щаухуащ икIи абы и фIыгъэкIэ командэ лъэщхэр кьызэрагъэпэщуу хуежьащ.

КУЭД мыщIэу иджырей тонджэгупIэ зиIэхэм ехьажьхуэнущ Къужьхэ Аслъэнри. Къужьхэ администрацэмрэ КъБР-м спортымкIэ и министерствэмрэ я жэрдэмкIэ кьражьэжьа мы Iуэхур мыльукIэ кьадиныгъащ мы жылагъуэм щыщ хьэрычэтыщIэ Нэщ Iэпыджэ Альберт. Абы ухуэныгъэм пэригъэува, езыр зи унафэщI «РОУЛД» ООО-м и Iэщ IагъэлIхэм зэман кIэщIым кьриубыдэу топ джэгупIэм и лъабжьэр ягъэхьэзыращ: мывэкIэщхьымрэ пшахьымрэ и пIэм ирагъэзагъэри, асфальтыр захуэу тралъхьэжащ.

Губгъуэ Iэрыщ Iыр министерствэм хахуиутIыпщ ахъшэмкIэ кьащхэхунущ. Псори зэхэту абы текIуэдэнущ сом 1мелуан. Хуэфэщэныкъ Iуэхум мыльукъкIэ хэуващ кьуажэ администрацэр.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● Парт Іуэху

Мурадхэр куэдщ

Бозий Натбий

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэмрэ Генеральнэ Советымрэ я зэІущІэу Москва щекІуэкІам 2014 гъэм зэфІагъэкІахэр къыщащытэкри, илъэсыщІэм ящІэнухэр щагубзыхуащ.

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» политикэ партым и хэгъэгу политсоветым и секретарь, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбий** ди республикэм къыбгъэдэкІыу зэІущІэм хэтащ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщ, УФ-м и Премьер-министр **Медведев Дмитрий**. Абы жиІащ 2014 гъэр гугъуу зэрыщытар икІи а Іэхъугъуэхэм я Іэужьыр иджыри куэдрэ зэрызыхэтщІэнур. Ауэ Медведевым къызэрыкІащащи, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым дежкІэ илъэсыщІэм кьалэн нэхъыщхьэу щытынур ЦІыхухэм я щыІэкІэ-псэукІэр езыгъэфІакІуэ Іэхъуэхэр гъэзэщІэнраш. Унафэщым партым хэтхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэм, хэгъэгухэм щыІэ щытыкІэм набдзэгубдзаплъэу зэрыкІэпыплъым папщІэ фІыщІэ яхуищІащ. Премьер-министрым къызэхуэсахэм ягу къигъэІыжащ гъэсапІэщІэхэр къызэрызэІуахым щхьэкІэ къэмынэу, иджыри сабий мин 400 чэзум зэрыщытыр. А Іуэхур иризэфІагъэкІыну 2015 гъэм биджфитум сом мелардипщІ къыхэкІынущ. Медведевым къыхэзгъащІащ а ахъшэм дыщІагъэнкІэ зэрыхъунур. Кьалъхур нэхъыбэ зэрыхъуам и фІыгъэкІэ, 2025 гъэм ирихьалІэу школакІуэхэм я бжыгъэр мелуани 3,5-кІэ хэхъунущ.

«Илъэс кІуар тыншу зэрыщымытар къыщащэлъэгъащ зэІущІэм. Ар Іуэху зэмылІэужьмытар къыщащэлъэгъащ екІуэкІащ. Нэхъ гугъуэм ящыщщ Украинэм щекІуэкІэр. УэзыщыгуфыкІынщ Кьрымыр Урысейм къызэрыгухьажар. 2014 гъэм ирагъэкІуэкІа хэхьыныгъэхэм кьарикІуахэм ятепщІыхьмэ, нобэрей махуэкІэ «Урысей зэкъуэт» партым и зэфІэкІым зэрыхэхъуар наІуэу», - жиІащ Бозийм.

�ущымыгуфыкІынкІэ Іэмал иІэжьым Медведев Дмитрий къыщыпсалъэм партым цІыхухэр къызэригъэгугъа псори игъэзэщІэн хуейуэ зэрыжиІар. Партым и Іэтащхьэм къызэригъэльэгъамкІэ, я щхьэ, жылагъуэ Іэзэныкъэзыгъэзэ псомэ гулъытэ я гъуэтын хуейщ.

КьищынэмыщІауэ, зэІущІэм ипкъ иткІэ форум щыкІэу партым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм кьыпащэну траухуащ. Апхуэдэу кьыхасІэщащ Волгоград хьихэ хуажажэм я депутатхэм я зэІущІэмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм екъэпІащ Іэнатіэм зэрызрагъэжьыну Іэмалхэмрэ хамэ къэрал кьраш хьэпшыпхэм хэдэ ди кьэралым щащыныкмрэ. Форумым кьыщащта унафэм ипкъ иткІэ, а унэтІыныгъэхэм сом мелард 40-м щІигу хухахащ.

ЗэфІэхыну яубзыхуахэм я гугъу щищІым, Бозий Натбий кьиргъэнэІуащ илъэсыщІэм екІуэкІыну хэхьныгъэхэм «Урысей зэкъуэт» партыр жыджэру зэрыхэтІынур. Пажьгъэшхуэ кьпІэщылъщ партр конференцым, 2016 гъэм Кьэрал Думэм кІуэну партхэр щыІэныкъуэкъуну хэхьныгъэхэм зыхуаГъэхьэзырыным теухуауэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Кьэрал Іуэхущ Іапі Іэхэм

Нэхъ псынщІэу хагъэгъуазэ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэхэм я лэжьыгъэр лицензэ щІыныкмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лицензэ комиссэм и япэ зэІущІэр щІышылэм и 13-м зэхэтащ.

КОМИССЭМ и унафэщІ, республикэм хуэныкъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор ар къыщызэІуихым, къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэхэр лицензэ зэращІ законодательствэм и Іуэхугъуэ зэхъыныкъэхэмрэ комиссэм и лэжьыгъэр зэрауэнтІыну щыкІэмрэ.

Зэхьхьэм Іуэхугъуиплым щыхэплащ. Апищыр - комиссэм и унафэщІым и къудзэр хэхьаным, квалификацІэ экзаменыр зэрыІаныну графикыр кьэщтэным, апхуэдэу комиссэм щыщу квалификацІэ экзаменым кьрикІуахэм я протоколым Іэ щІэзыдзыну уполномоченнэкэр Гъэбелджьыным техуахэр комиссэм хэтхэм бюллетень Іэмалкіэ зэфІахащ.

Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэу хахащ КЪБР-м энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъныгъэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Нэжмудин. А Іэнатіэм лицензэ Іуэхуэхэмэ фэтэр куэд хъу унэхэр зэрызэрахьэм кІэлъыплъныгъэмкІэ и къудамэм и Іэтащхьэ Щоджэн Ларисэ комиссэм и секретару ягъэуващ. КвалификацІэ экзаменхэр зэрырагъэкІуэкІынум и графикыр кьащтащ, ар газетхэм кьыгредзэнущ, Кьэрал комитетым и www.gketkbr.ru официальнэ сайтым щызэбграгъэхьынущ. Апхуэдэу, комиссэм щыщу зэІущІэм хэта псори квалификацІэ экзаменым кьрикІуахэм я протоколым Іэ щІэзыдзыну уполномоченнэкэр Іэнатіэм и унафэщІ Нэжмудин.

2015 гъэм и гъатхэпэ мазэм ику пщІондэ унафэщІ (управляющэ) компание псоми я Іэтащхьэхэм квалификацІэ экзамен ятын хуейщ. Урысейм управляющэ компаниехэр лицензэ щыщІын зэрыщІадзэм теухуауэ «Урысейр нобэ» кьэрал зэкъуэку хъыбарегъащІэ агентствэм щэкІэгъуэ кІуам и 25-м щызэхэта пресс-конференцым УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Мень Михаил а кьалэныр щигъэнэІуащ.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм я унафэщІхэр, псэупІэр зейхэр, фэтэр куэд хъу унэхэм я советхэр лицензэм пыщІа Іуэхуэхэм, ар кьеІыязыныхуэм я тхьилъхэр (заявленэхэр) щатын хуей пІалъэхэм нэхъ щэкІэгъуэ хагъэгъуэзэн мурадкІэ, заявленэм я щапхъэмрэ квалификацІэ экзаменхэр зэрекІуэкІыну графикымрэ Кьэрал комитетым и www.gketkbr. ru официальнэ сайтым «Лицензэ зэращІыр» и пІанэпэм щызэкІэлъахьынущ.

КЪБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъныгъэмкІэ и кьэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Щ Іэныгъэ

Кьэралым иригъеджэнухэр

Езыхэм я закъуэ кьарукІэ хамэ кьэралыгъуэхэм я еджапІэ нэхъыщхьэ щІэрыІуэхэм щІэтІысхьэ Урысейм и студентхэм кьэралыр дэІепыкъунущ бюджетым кьыхэкІ грантхэмкІэ. Ауэ абыхэм кьаухэ нэужь, Іэмал имыІэу я щІыналъэм кьагъэзэжу щІэлажьэну шэсыпІэ ихьэн хуейщ.

АХЭР зэреджэну зэманым кьриубыдэу иратынущ нэхъыбэ дыдэу сом 1 мелуанр мин 380-рэ. А ахъшэр зытрагъэкІуэдэнур еджэнигъэм и закъуэкъым, атІэ абы хохьэ шхынри, щыпсэунри, зреджэну тхьилъхэм щІатыну уасэри, медицинэ Іэхуэтхьэбзэри.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ еджапІэ къэзыуха Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэр зыгуэркІэ щІегъэжу, Урысейм кьымыгъэжмэ, ди кьэралым зэрыригъэджэ ахъшэр кьанэ щымыІэу ипшныжьмкІэ. Щищынэмыщ Іауэ, ТІыкІэ гъэбзэгуащ етхьэкъунущ.

УФ-м и Правительствэм иджжыблагъэ игъэбелджылащ хамэ кьэрал еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу гранткІэ и студентхэр щригъэджэнухэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

ШЕСТИРУБЛЕВ Сергей:

ЩІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыныр ди пщэ къыдохуэ

КЪБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэр 2007 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. А щІалэгъуалэм хэидж-щэгъу ауганым хуагъэуба кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт республикэм щыпсэу щІалэгъуалэм я Іуэхур дэгъэкІынымкІэ КЪБР-м и Парламентым зыщІэгъэкъуэныр. Абы зэрехъулІэм теухуауэ дэ иджыблагъэ делсэнъащ палатэм и унафэщІу иджыблагъэ хаха Шестирублев Сергей.

- Уэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ гъащІэм илъэс зыбжанэкІэ жыджэру уэхтащ. Абы щыбгъуэта зэфІэкІыр сэбэп къыщыпхуэхъуну пІэрэ Іуэпэрэуба Іэнатіэщ Іэм?

- Жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм нэхъ сыдихьэхыу щыхуежьар 2008 гъэр, Урысей щыІэ тельыджэу блы» урысейпсо Іуэхугъуэр щекІуэкІым щыгъэщІ. Нэхъ иужьыІуэкІэ, Потребкооперацэмкіэ Белгород дэт университетым и Налшык еджапІэр, 2010 гъэм КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетыр къэзухащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэу тІу сиэзриІэр жылагъуэ лэжьыгъэмэ сэбэп къыщыскуэхьуащ. Кьапщтэмэ, 2010 гъэм екІуэкІа «Мэшыкъуэ» зэкъуэсыщхуэм къыщыхальъа проект нэхъыфІу 30-м яхэхуащ иджыреі бетон лІэужьыгъуэхэм ятеухуауэ згъэзэхэзыра лэжьыгъэр. Хъыкъуэ Іуэхугъуэ илъэсым а зэхьыхэ дыдэм грант кьыщыхуагъэфэщащ КЪБР-м и щІыналъэм щыІэ лъэпкъ зэхущытыкІэхэр зэрыщытэным теухуа си проектым. А гъэ дыдэм сэ кьызэзгъэпэщащ социологие кьэпщытэнхэр ящІэкъуэкІ «БИнОМ» щІалэгъуалэ зэгуэхьынІгъэр. Абы щедгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр кьыщыхэльхьащ «Урысей Зэкъуэтым и ЩІэблэщІэ гвардием»-м и щІыналъэ щытабым.

КЪБР-м и Парламентым деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм щызэфІэзгъэкІыну си мурад Іуэхуэхэм ящыщщ щІалэгъуалэр нэхъыбэрэ зыІууэ гугъуехьэхэр зэхэгъэкІынир, абыхэм я псэукІэр езыгъэфІэкІуэну законхэр гъэхьэзырыным хэлэжьыхьынир.

Иджыпсту республикэм социальнэ жьыджэрагъ зыхэлъ икІи ди щыналъэм и къэкІуэнум телэжьэну хьэзыр щІалэхэмра хъыджэбзхэмра щымащІэкъым. Абыхэм я творческэ жэрдэмхэр дагъэхІыным, жылагъуэ гъащІэм кьыхэкІыным хэлэжьыхьынир. И эныгу, сыту ящІэмэ, ди хэкум и къэкІуэнур зэлъытар нобэрей щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэщ.

- ЩІалэгъуалэ парламентаризмэм зегъэужьыныкмкІэ иджыпсту сыт хуэдэ Іуэху нэхъыщхьэхэр кьыфпэщыт?

- КЪБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэм я сэбэп зыхэлъхэр кьызэгъэпэщыным хуэгъэзэ законхэр кьыщтэныкмкІэ КЪБР-м и Парламентым зыщІэгъэкъуэныр. Абы папщІэ ди гулъытэр зыхуэдунэтІыпхэз Іуэху куэд щыІэщ. Апхуэдэхэщ щІалэгъуалэм я политикэ зэхэщІыкІыр кьэІэтыныр, абыхэм я жыджэрагъым хэгъэхъуэныр, иджырей щІэблэм я хуитыныгъэхэр хьэмэным хуэгъэзауэ кьыхалъхьа жэрдэмхэр ядэІыгъынырэ. Я мыхьэнэр зыкІи нэхъ мащІэкъым щІалэгъуалэр дзэзыхьэхэр джыным, хъыбарегъащІэаналитикэ лэжьыгъэм, апхуэдэу щІалэгъуалэр кьэралым властым и Іэнатіэхэм, щІыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгуэхьынгъэхэм зэрадзлажьэр егъэфІэкІуэным.

- КЪБР-м и Парламентым и епланэ хэхыгъуэм щыІа ЩІалэгъуалэ палатэм иригъэжьа Іуэхуэхэм ящыщу сыт хуэдэхэм яныфщэну, щІэуэ сытым фелэжьыну?

- Быдзу си фІэщ мэхъу щІалэгъуалэ политикэм ехьэлІауэ нэхъ иткІэ иратынущ щыта лажьыгъэхэр нэгъэсын зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкІэ зэпымыууэ дигу идгъэлъын хуейуэ кьызэлъытэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ нэхъ пхыдзахэм ящыщ щыпсэу щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я жыджэрагъыр кьагъэлъэгъуэныкмкІэ, зыхуэфащэ щІалэгъуалэ зэгуэхьынгъэхэм хэлэжьыхьынымкІэ Іэмалхэр зэрамыІэр.

Нобэрей ЩІалэгъуалэ палатэм и гугъу пщІымэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, абы и комитетхэм нэхъ нэгъэсауэ зэрадзлэжьынум хуущІэкъуну. Апхуэдэу палатэм хэтхэм щыгъуазэ защІынущ псэупБликэм и ГъащІэм екъэлІа социально-политикэ, социально-экономикэ Іуэхуэхэм.

Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІэнущ щІалэгъуалэм я творческэ зэфІэкІхэмрэ я Іэщ Іагъэмрэ кьагъэсэбэпынмкІэ защІэгъэкъуэным. Абы кьыгуэхьпІэ имыІэу ехащ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я политикэ зэхэщІыкІыр кьэІэтыныр, кьэралми республикэми щекІуэкІ Іуэхуэхэм щыгъэзащІ щІыныр.

Дызытелэжьэну Іуэхуэхэм хеубыдэ псапащІэ лэжьыгъэри, спорт зэхьэзэхуэхэри, егъэджэнигъэм зегъэужьыным хуэгъэзэ проектхэр гъэзэщІэнри. Абыхэм япкъ иткІэ дэ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм я советхэм нэхъ быдзу запытщІэнущ.

КЪБР-м и Парламентым лэжьыгъэкІэ зыщІегъэкъуэным кьыдэкІуэу дегугъэнущ щІэблэм я политикэ, правовой зэхэщІыкІэр кьэІэтыным. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм кьекІуалІэ псомэ я дежкІэ абы и бжэр сыт щыгъуи зэІуахуэ щытынущ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Лэжьыгъэм пащэ

КЪБР-м и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэ нэужьым жыджэру лэжьэн щІадзэжащ. КъБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щІэ зыгъэпсэхуп Іэм «Хабзэзубзыхум и лъабжьэ» фІэщыгъэм щІэту семинар-тренинг щрагъэкІуэкІащ.

ЗэІущІэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Кьэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым хэт **ЯхъулІэ Кьантемыр** и жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІащ «Си хабзэзубзыху жэрдэм», «Хабзэзубзыху» урысейпсо зэпеуэхэм зыхуагъэхьэзыру. Абы щыІащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр, студентхэр, щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгуэхьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Семинарым хэтахэм хабзэзубзыхум и мыхьэнэр, ар зэрызэхалъхьэ щыкІэр, апхуэдэ щІэблэм я гугъу ящІа зэпеуэхэм ухэтын папщІэ узыхуеинуэр игъэнэІуащ, хабзэзубзыхум екъэлІа Іуэхугъуэ зыбжанэ щІэзэпкърахащ.

Ныбжьыщ Іэхэм щапхъэу кьащтащ «КІэрыфбжьэрыхуэр зэрыдащым щІыхуэкъэм щІат уасэр коммунальнэ Іуэхутхьэбзэм хэгъэхьэн» унафэм и проектыр.

ЗэІущІэм и кІэухым абы хэтахэр я мурадхэмкІэ зэдзгуэшащ, апхуэдэуи «Си хабзэзубзыху жэрдэм», «Хабзэзубзыху» зэпеуэхэм хэтын папщІэ зэфІагъэкІыну Іуэхуэхэм тепсэлъыхьащ.

ИНАРОКЪУЭ Дисанэ.

● Зыгъэпсэхугъуэ зэман

Нэхъыжьхэм ялъогъуазэ

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм, Тырныауэ кьалэм я администрацэхэм я лІыкІуэхэмрэ районым и сымаджэщым и лэжьакІуэхэмрэ Зауэшхуэм хэтахэм ялъыгъуэзащ.

ЗАУЭМ хэта нэхъыжьыфІхэм тыгъэ гуэрхэри хуащІащ, илъэсыщІэмкІи екъуэхъуащ. Ветеранхэм бзыщІа хэмылъу зыхуэныкъуэмрэ я гукъеуэмрэ жаІащ, - ахэр нэхъыбэу я псэукІэр егъэфІэкІуэным екъэлІат.

ЩІыналъэ администрацэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Уянаев Кязим нэхъыжьхэм я лъэІуэхр Іэмал зэриІэкІэ ягъэзэщІэну яужь зэритынур кьыхигъэщащ.

Районым сымаджэщым и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Ахчубековым Рустам зи ныбжь хэкІуэтахэм я узынщагъэр кьапщытэу, щхьэж нэхъ зыгъэгъуазавэм ехьэлІауэ еІэзэну кьигъэгугъащ

Апхуэдэ гулъытэр нэхъыжьхэм я гуапэ хъуащ , къахуеблэгъажэм фІыщІэ хуащІащ.

ТАРИМ Алисэ.

Іуащхьэмахуэ къапоплъэ

Туристрэ зыгъэпсэхуакІуэу мин 35-м щІигъуэ Іуащхьэмахуэ лъапэ Илъэсыщ Іэм и япэ махуэхэр щагъэкІуащ.

КЪЭРАЛЫМ и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІахэм бгы-лыжэ спортыш хуэхьащІыкъэр, сноубордым дихьэхэр, къызэрыгуэкІ зыпІпыхьакІуэхэр куэду яхэтщ. Апхуэдизу турист мы щІыпІэм зэуІуу кьызэрымыкІуэжрэ илъэси 10-м нэблагъащ. Ахэр Азау, Чегет хуейхэм мы гъэм уэру кьызэреблагъэм щхьэусыгъуэ дахэ иІэщ: кьуршхэм уэсыр щыІущ, дунейр бзыгъэщ, псэр дэтыншу дыгъафІэщ. ХьэщІэхэм я гуапэу кьыхагъащ кьежэхыпІэхэм я бжыгъэмрэ я кІыхьагъымрэ зэрыхагъэхъуар, нэхъ бгъуэ зэращІар, и техьэпІэхэр зэрызэхуагъэкІуар. Уасэхэми куэд яІыгъщ - ахэр зыми кьатехьэлъэркъым. «Іуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и кьаруркІэ щІыпІэхэр ягъэкъабзэри, Азау деж автомашинэ гъэувыпІэу мин кьыщызэІуахащ. Абы гъэугум транспортыр щигъэмащІэнущ.

Уэсышхуэхэм я ужькІэ, Урысейм и Гидромет Іуэхущ Іапі эм уэсуэкъуэм пэщІэтыныкмкІэ и Кавказ-Ищхъэрэ къудамэм и лэжьакІуэхэм уэсуэкхъуэ 15 бгым кьарагъэхащ, зыгъэпсэхуакІуэхэр щыкъуэ щІыпІэхэм шынагъэншагъэр кьыщызэрагъэпэщащ.

Іуащхьэмахуэ районымрэ Эльбрус посёлкэмрэ я администрацэхэм я лэжьакІуэхэм, Урысейм и МЧС-м и Іуащхьэмахуэ кьэзылъхьэхуэ-кьеГъакІуэ гупым, федеральнэ, щІыналъэ гъэзэу Іэнатіэхэм ящІыгъуу, Терскол посёлкэм ищхьэкІэ уэсуэхъуэм щызэхуищІа федеральнэ гъэзэгр пІалъэ кьыхамыгъэкІыу ягъэкъабзэжащ. Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкІуэкІа зэІущІэхэм туристхэм я гуапэу кьыщыхагъэщащ зыгъэпсэхуакІуэхэм я шынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыным, федеральнэ гъэзэгум щыпІпыхьыным хуэунэтІауэ МВД-м и лэжьакІуэхэм кьалэныншхуэ зэрагъэзащІэр.

КІапсэ гъэзэгуэр гъэхуауэ мэлажьэ. Кьуршым дэкІынухэр абыхэм зэрапэлъэр дакъыкъэ 5-7-щ. Іуащхьэмахуэ лъапэ и кьуэдзэщхэм мыгъэрей бгы-лыжэ лъэхъэнэр кьаззэрехъулІэнэм и нэщэнэфІу, мазае, гъатхэпэ мазэхэм мыбы зыщызыгъэпсэхуэнухэм я тхьилъхэр нэхъ пасэу яГъэхьэзыр.

БЭРАУ Бышэ.

● «СтІол хъурей»

ЗэгурыІуэныгъэм и Іэуэ ЫфІхэр

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и щІэныгъэ библиотекэмрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІащ иджырей дунейпсо щэнхабзэм теухуа «СтІол хъурей».

ЗэІущІэр хуэунэтІат кьыдэкІуэтей щІэблэр мы зэманым зыІууэ Іэзыу шынагъуэхэм, жылагъуэ ГъащІэм иужьрей илъэсхэм кьыщыхъуэ зэпэщІэувэныгъэхэм, щІэблэ узынщэм и кьежьапІэ щэнхабзэм игъуэтын хуей зыужьыныгъэмрэ увыпІэмрэ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэу 123-м кьаухэкІа щыпсэу щэнхабзэ зыгъэпсэху ди республикэм нобэ щыІэн хуей зэгурыІуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ.

«СтІол хъурейм» щыпсэпсэльхьащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ тэмэм егъэкІуэныкмкІэ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ щэнхабзэ Іэнатіэхэм мыхьэнэ ин зэраІэм. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, тхьилъ хъумапІэхэр, музейхэр, щэнхабзэмкІэ фондыр, нэгъуэщІхэри.

Псалъэмакъым хэтахэм и гугъу ящІащ зэманым кьыдэкІуа зэхъуэкІныныгъэ инхэм щІыхуэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм, я гупсысэм кьыхахьхьа философиещІэм.

ЗэІущІэм увыпІэшхуэ щиубыдащ ди нэхъыжьхэм кьадекІуэкІ лъэпкъ хабзэхэмрэ абыхэм яхэлъ щыІэныгъэмрэ.

«СтІол хъурейм» хэтыну кьрагъэблагъат щІалэгъуалэ центрхэм, жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэм, дин Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Тау Пщыкъанрэ Емуэ Анатолэрэ.

● ЗэІущІэ

Тхылъым и гъэлъэгъуэныгъэ

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІащ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РФ-ми КъБР-ми я узэщІакІуэ нэс, УФ-м и РАЕН-м хэт, ди республикэм и профсоюз зэщІэхъеенныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуищІу илъэс куэдкІэ лэжьа Тау Пщыкъан и Іэдакъэ къыщІэкІа «По пути созидания» зыфІища тхылъым и гъэлъэгъуэныгъэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭ купщІафІэр хэІущІыІу щІыным ехьэлІа пшыхьыр къызэІуихащ икІи иргъэкІуэкІащ библиотекэм и унафэщІ, бзэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Емуэ Анатолэ. Апхуэдэу зэІущІэм кьрихьэлІахэщ Къэбэрдей- Балъкъэр къэрал мэхъумэщ университетым и ректор Апажэ Аслъэн, экономикэ щІэныгъэхэм я докторхэу Мысачэ Валерэ, Щауэжь Хьэсэнбий, экономикэмкІэ институтым и унафэщІ ПщыхьащІэ Сэфарбий, гъуазджэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэхэу Темыркъан Борис, Дау Марьянэ, мэкъумэщ университетым и студентхэр, цІыхубэ зэгуэхьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Къызэхуэсахэр лІэныкъэу куэдкІэ тепсэлъыхьащ Тау Пщыкъан и ГъащІэ гъэзэгуанэм, и Іэдакъэ къыщІэкІа щІэныгъэ лэжьыгъэхэм.

«По пути созидания» тхылъыр Іыхьитіу зэхэтщ. Ящэм хиубыдащ езым и кьэпсэльныгъэхэмрэ публицистикэ тхыгъэхэмрэ. ЕтІуанэм профсоюз зэщІэхъеенныгъэм пхиша гъэзугумрэ ди республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм теухуа Іуэху елпІыкІэхэмрэ Іупщ Іу кьыщыгъэльэгъуащ.

КЪБР-м и щІыналъэ экономикэ зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ кьалэныр нобэ къезыхьэлІэ Тау Пщыкъан лъэпкъым хуиІэжьа псори Іуэхьэнышэ хъуакъым. Абы иІэщ «ЩІыхь», «Зэныбжьэгъугъэ» орденхэр, гуащІэдэкІ медалхэр.

ЗэІущІэм кьрагъэблагъэхэр «По пути созидания» фІэщыгъэм щІэту кьызэрагъэпэща выставкэм еплъащ.

КЪБР-м и Лъэпкъ тхылъ хъумапІэм кьыбгъэдэкІыу Таум тыгъэ хуащІащ дуней псом щыщІэрыІуэ сурэтыщІ, Шемякин Михаил томитІу зэхэт и тхылъыр.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкыр» къызэхуосыж

Я щІымахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр иухри «Спартак-Налшыкым» и футболистхэмрэ абыхэм я тренерэмрэ махуэку кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм къыщыщІэзэхуэсыжащ.

ПСОМ ящэрауэ абыхэм я узынщагъэр къапщытащ. Адэкіэ гъатхэпэм и кІэухым щІэзыдзэжину зэхьэзэхуэм зыкуэгъэхьэзырын щІадзащ. Ар ирагъэжьащ «Спартак-Налшыкым» и унафэщІэр, тренерэр, футболистхэр, лэжьакІуэхэр кьызрихьэлІа зэІущІэмкІэ. Кьызэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ клубым и генеральнэ директору яГъуэгъащІэ Тэтэр Артуррэ командэм и тренер нэхъыщхьэ Биджий Хьэсэнбийрэ. Абыхэм яубзыхуащ махуэ гъунэгъуэхэм зэрылэжьэну щІыкІэмрэ щІэзыдзэжину зэхьэзэхуэм щІэнэу кьаІуэтащ.

«Гъащ Іуэхьэхуэмэ Михайлов Олегрэ гъащ Іуэхьэхуэмэныкъуэ Митин Никитэрэ «Спартак-Налшыкым» хэкІьжащ, - кьыджжІащ ди командэм и тренер нэхъыщхьэм. - Абыхэм кьыдащІыІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм и пІалъэр ихуащ».

Биджийм адэкІэ дыщигъэгъуэзащ щІалэщІэ зыбжанэ кІэлъыплъыну «Спартак-Налшыкым» зэрырагъэблагъэм. Абыхэмэ командэм и гъусэу загъэсэнущ икІи, ягу ирихьмэ, зыкъгъэхьэнущ.

ЩІышылэм и 22 пщІондэ ди щІалэхэм Налшык зыщагъэхьэзырынущ. Абы иужькІэ Краснодар краймрэ щІыІэ Абрау-Дюрсо щІыпІэм зыгъэсэныгъэм щыпащэнущ.

«Зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэр щедгъэкІуэжкІыну пІалъэхэри дыубзыхуащ, - жиІащ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм, - арщхьэкІэ хэт сымэ ныкъуэкъуэгъу кьытхуэхъуными иджыри зэхэкІыпакъым».

Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, «Спартак-Налшыкыр» щоджэгу Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым. Ящэ Іыхьэм очко 26-рэ щызыІэригъэхьауэ абы зэхьэзэхуэм илІэнат Іэнэ увыпІэр зэкІэ щиІыгащ. Гъатхэпэм и 22-м зэпеуэм щІидзэжынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Бокс

КъыкІэлъыкІуэ зэпеуэм зыхуагъэхьэзыр

Илъэсыщ Іэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм республикэм спортзэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щекІуэкІащ. Абыхэм ящыщу КЪБР-м пашэныгъэр кьыщыхьнынымкІэ боксер ныбжьыщІэхэм я зэпеуэр.

УРЫСЕЙМ спортымкІэ и мастер Кьэжэр Адэлбийрэ Афганистан зауэм и ветеран Кьэжэр Хьэзрэтэлийрэ боксымкІэ я фэеплъ зэпеуэ Щ Іыхьэлыкъуэ къуажэ дэт курыт еджапІ №1-м махуищкІэ щызэхэтащ. Абы зэкуэшхуэт республикэм и спорт клубхэм я спортсмен ныбжьыщІэу 240-рэ.

Я хъыпІагъ ельытауэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ Рахаев Аслъэн, Догучаев Алан, Джаппуев Расул, Жэпіу Мурат, Гижиев Мурат, Махуэ Хьэчим, Дау Ильяс, Мисиров Расул, Пахарев Станислав, КІэрэф Сослъэн, Зукаев Алий, Нэгуэр Алим, Беспалов Александр, Кулиев Алан, Ульбашев Алихъан (псори илъэс 13-14-м итщ), Кучменов Зураб, Дзэгъащтэ Жамбулэт, Битуев Мухьэмэд, Хуболов Расул, Гуэщокъуэ Руслан, Менчукаев Алихъан, Гежгиев Юсуф, Кьущхъэ Амин, Бабаев Башир, Тіажь Кьантемыр, Щорджэн Нурмухьэмэд, Кьуэдзокъуэ Рамэзан, КІэрэф Арсен (илъэс 15-16) сымэ

Боксер нэхъыфІу кьалъытащ Дзэгъащтэ Жамбулэт.

Зэпеуэм кІэлъыплъахэм гунэс ящыхъуа саугъэтэр хуагъэфащащ Битуев Магомед, Кьущхъэ Амин, Бабаев Башир, Сэкрэ Ёлдар, КІэрэф Арсен сымэ.

«ТекІуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщІэ» саугъэтэр КІэрэф Сослъэнбэчрэ Хуболов Расулрэ ящыхьащ, Гуэщокъуэ Русланрэ Джаппуев Расулрэ «Техникэ нэхъыфІым папщІэ» саугъэтэр хуагъэфащащ.

Командэ зэпеуэм щытекІуащ Тэрч районым и боксерхэр. Шэджэмдэсхэм дыжьын, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и спортсменхэм жэз медалхэр хуагъэфэщащ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.

Лъэпкъ жьэгур ужьыхакъым

● Шапсыгъ

Агуий-Шапсыгъ къуажэр ТІуапсы къалэм зэрыпэжыжьэ щыІэкъым; я зэхуаку километри 10 дэлъми аращ. Иджыблагъэ абы къыщыдзэІуахащ «Адыгэ унэ» зыфІаща лъэпкъ-щэнхабзэ музей.

- УНАГЪУЭР берычэтым щымыгъэщІэным, абы исхэм я зэхуаку цІыхугъэ, гуапагъэ дзгъэлъыным, лъэпкъым ижькІэрэ къыдекІуэкІ Іущагъхэр зыхапщэным хуэлажьэ мафІэ зэщІэгъэстыпІэ гъэзэджэу лІэщІыгъуэхэм къапхыкІащ адыгэ жьэгур, - и гупсысэхэр къеІуатэ, Іуэхум и къехьэжьакІуэ икІи и гъэзэщІакІуэ нэхъыщхьэ, «Хьыуфэрыс адыгэхэм я «Шапсыгъ» лъэпкъ-щэнхабзэ центр» жьилагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **ЩІхьэлахъуэ Мэдин**. - Дауи, а псомкІи ефІэкІыжу, дэ диІэщ цІыхухэм я дуней еплъыкІэр, хьэл-щэныр, зэхэтыкІэфІхэр, нэгъуэщІхэри къэзыгъэлъагъуэу илъэс мин бжыгъэкІэ жылагъуэр зэтезыІыигъа Адыгагъэмрэ Адыгэ хабзэмрэ. Арагъэнщ, Агуий-Шапсыгъ къуажэм дэт Щэнхабзэспорт комплексым и зы пэшым «Адыгэ унэ» щІэ лъапІэр щІыфІэщагри.

Хэкупсэ щІалэр куэд щІауэ зи яужь ит лэжьыгъэр и кІэм нигъэсыну нэхъри щытегушхуар, гъэ кІуам и пэщІэдзэм Сочэ къалэ щекІуэкІа Олимп Джэгухэм «Адыгэ унэ» ухуэныгъэ Гъэзэджэр къыщыунэхуа иужькІэщ. Абы щыгъуэ а Іуэхур Гъэзэщіэным и телъхьэу къуваУэ щытащ Краснодар крайм и администрацэм. Иджы, мис аргуэрым, Щхьэлахъуэм къыхилъхьа жэрдэмыр лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэхэр езыгъэфІакІуэ унэтІыныгъэу къиплъытэри, хьыуфэрыс адыгэхэр нэхъыбэ дыдэу зыдэс Агуий-Шапсыгъ къуажэм лъэпкъ-щэнхабзэ музей къыщызэгъэпэщыным хуэунэтІа грант щхьэхуэ къахухигъэкІащ.

ІуэхущапкІэщІэр къыщызэІуахым иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхьихьэм, іуажэдзэхэм я мызакъуэу, ТІуапсы, Сочэ, Краснодар, Адыгэ Республикэм къикІа хьэщІэхэми зыкърырагъэхьэлІащ. Абыхэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм, Краснодар крайм и администрацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и департаментым и унафэщІ Щіымыт Мыгъудин щыналъэм и Іэтащхьэ Ткачев Александр къуажэдзэсхэм къахуигъэхьа тхыгъэм къеджащ.

«Адыгэхэр мы щІыгум ижь-ижьыж лъандэрэ ис лъэпкъыжьщ, - итщ а тхыгъэм. - Дэ дрогушхуэ, зэрахьэ диным, къызэхэкІа лъэпкъым емылъытауэ, ди щІыналъэм исхэр фІыуэ зэрызэхущытым. Фэ, адыгэхэм, Краснодар крайм лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэу блы щывиІэщ. Ар и щыхьэтщ, хэкурыс лъэпкъыр фи тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ фаэзэрыхуэсакъым, пщІэ зэрахуэфщІым. Ар къэтлъытэри, Краснодар крайм и администрацэм унафэ къэтщтащ адыгэхэм фи щэнхабзэр екІуу утыку къызыхьэ щІыхэхэм.

Дапхъэм телъ хьэпшыпхэм ящыщ дэтхэнэми езым и тхыдэ иІэжщ. Пытхъахуэпычахуэми, лъэпкъ щэнхабзэм и хуэмэбжьымэхэу нобэрей махуэм телъыджащэу къахьэсахэр илъэс бжыгъэкІэ щызэхуихьэссыжым, Щхьэлахъуэ Мэдин хуэпсапІэ нэхъыщхьэу иІар езыр щалъхуа къуажэм лъахэхутэ музей къыщыдзэгъэпэщыныр щ.

- ЕгъэджакІуэм лъахэхутэ дерсхэр щригъэкІуэкІын хуейр мы музейращ, - и Іуэху еплъыкІэр утыку кърехьэ Щхьэлахъуэм. - Мыбы кърахьэлІэ хьэпшып псоми лъэхъэнэ блэкІаХэм яжь къыщІихуащ. Псалъэм папщІэ, кІуажэдзэхэм ящыщ зым илъэси 130-рэ зи ныбжь адыгэ Іэнэ къыдитащ. Мыбы къыщыхьхьэм яхэбгъуэтэну къыщІэкІынкъым цІыкІуиини абы димыхьэх, игъэщІагъэу ар зэпэзымыпІыхьэ. Музейр къыщІыщІэздгъэпэщагри апхуэдэ гуэрщ: къытщІэхъуэ щІэблэм къызыхэкІар ящІэжу, лъэпкъым и щэнхабзэм пщІэ хуащІрэ абы гъунэгъу зэрызыхуащІын Іэмалхэр къагъэсэбэпыфу щытын щхьэкІэщ.

НЫБЭ Анзор.



Іуащхьэмахуэ теухуауэ иджыри зэ

Тхьэхэм я зэхуэсыпІэу алыдж ІуэрыІуатэм хэт Олимп Іуащхьэр зи гугъу тщІы лъэпкъыр зэрыс щІынальэм я щІэр зэрихьэу ит бгыраУэ куэдым хуагъэфащэ. Ауэ нагъуэщІ Іуэху еплъыкІи щыІэщ.

ЯПЭРАУЭ, зи лъагагъыр метр 2917 фІэкІа мыхъу а бгыр, алыджхэм я тхьэхэм тІысыпІэ яхуэхьун дэнэ къана, дэ тщыщ дэтхэнэри тыншу дэкІыфыным хуэдэщ икІи апхуэдэу зэрыщытым «а Іуащхьэр тхьэхэм я дежкІэ тІэкІу мылъахъшэІуэу пІэрэ?» жыуегъэІэ.

НэгъуэщІ зы Іуэхугъуэми гу лъытапхъэщ. Алыджхэм я пасэрей диным хэта тхьэхэм я нэхъыщхьэ Зевс щыблэкІэ къызэухыу щыта бгыр шынагъуащэу зэщІэгъэуагъэрт, мафІэу къызэпхилыгъукІхэми ихъуреягъыр зэщІалыпщІэрт.

Зи гугъу тщІы къэралым и пасэрей ІуэрыІуатэр зыдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор Гринчер Николай зэрыжиІэмкІэ, зэман жыжьэм псэуа алыджхэм тхьэхэм я зэхуэсыпІэу къалъытэнкІэ хъуну щытар Кавказ къуршыжьхэм ижьижьыж лъандэрэ къахэбжьыфІыкІ Іуащхьэмахуэ хуэдэ бгыжь уардэщ.

А гупсысэм и лъабжьэр тхыдэми къыщожьэ. Зэман жыжьэм псэуа алыджхэм я хьаІ-зекІуэлІхэр, тенджыз ФІыщІэм щІэх-щІэхъыурэ къызэпрыкІыртри, Кавказ щІынальэми къихъэрт. Ауэ щыхъукІи, абыхэм гу лъамытэнкІэ Іэмал иІакъым, зыхуэбгъэдэн щымыІэу уардэу дахащэ, метр 5642-рэ зи лъагагъ Іуащхьэмахуэ.

Абы къыдэкІуэуи къыхэгъэщыпхъэщ, лъэхъэнэ жьжьэу дызытепсэльыхьхэм зи гугъу тщІы бгыжьым и жьэрэжьгъуэ дыдэу, къытригъэзэжурэ мафІэ бзий гуащІэхэр къызэпхилыгъукІыу зэрыщытари... ИкІи, щІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, Іуащхьэжьым нобэ зиущэхужьуэ къытщыхъу щхьэкІэ, ар, зыкъыщызэкъуихьныр дымыщІэ, щытыраГъэшхуэ зыпкърыт мафІэбгІ (вулканщ).

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, иужьрей дыдэу бгыжь уардэр къыщикъуэлъыкІар илъэс 1000 ипэкІэщ. Абы лъандэрэ, щІыхухэри псэущхьэхэри имыгъэпейтеІуэ, зэпІэзэрыту зи гъащІэр езыхьэкІа лъагагпІэжьым зэхуихьэса къарур зыхуэдизыр зыми ищІэркъым икІи ар абы дунейм къыщытригъэхьэну пІалъэр, щІэныгъэлІхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, икъусыкъужкІэ щынагъуэу икІи псэзэпылъхьэпІэу щытынущ.

Ди къэралым и щІэныгъэрылажьэхэр, къэхъункІэ хъуну а Іуэхугъуэм куэд щІауэ щыхэдгугъэсысым, зэхьыхьэхэри, Урысей Федерацэм ЩІым и физикэмкІэ институтым и ІэщІагъэлІхэм къалэн щащІащ Іуащхьэмахуэ и лъабжьэм зыщІэзэщІэпщкІухьа магмэм и «бэуэжІэм» кІэлъыплъыну. ИкІи, а унафэм ипкъ иткІэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Собисевич Леонид зи пашэгупыр, ди республикэм и Тырныауз къалэм ипщэкІэ щыІэ нейтрин станцым и гъуэдыджым (тоннелым) хуэгъэзэныгъуэу ихьэри, щІы щІагъым километри 4-кІэ кІуэцІрыкІащ. Абы лъандэрэ абдежым щІэныгъэлІхэр, а Іуэхум хуэзэгъуэрауху Іэмэпсымэхэмкіэ, Іуащхьэмахуэ и кІуэцІым къыщыхъукъыщыщІэзэхэм щодаІуэ, щыкІэлъоплъ.

Геолого-минералогие щІэныгъэхэм я доктор Масуренков Юрий къызэрилытэмкІэ, бгыжьым и кІуэцІым щызэхуэхьэса хуабэр щІыпІэ-щІыпІэкІэрэ къызэрыщыпхивым и нэщэнэщ, абы и ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ и джабэ нэкІухэм псы пщтырхэр къызэрыщыщІэжыр. Ахэр щызэригъэлъагъум, щІэныгъэлІым зэуэ игу къэжІащ мафІэбг жеям и «пэщхъуным» кьриху гъуэзыр зэрыбгъэупщІыІу хъуну щІыкІэри. Масуренковым къызэрилытэмкІэ, Іуащхьэмахуэ и лъабжьэм гъунэгъуу екІуалІэ языныкъуэщІыпІэхэм деж километри 2-3-кІэ щыпхыугъуэныкІауэ, бгыжьым и кІуэцІым щызэхуихьэса пщтырагъэр тІэкІу-тІэкІуурэ къегъэутІыпщын хуейщ. Ар, дауи, къызэрымыкІуэу мылъкушхуэ зытекІуэдэну лэжьыгъэшхуэщ...

Кавказ Ищхьэрэм губгъуэ лъэныкъуэмкІэ дунейр уэфІу укъыщихьэкІэ, Іуащхьэмахуэ, апхуэдизкІэ уардэрэ дахэу уи нэгу къыщІоувэри, хьэщыкъ ухуэмыкхъункІэ Іэмал иІэкъым. Хъыбар щыІэщ, ди эрэм и IV лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм, Индыл псышхуэм къызэпрыкІыу Кавказымкіэ къэзыунэтІа гуннхэм, нэхущ пшэплъым дыхьэрэну ириІа щІэплъыпІэм хужьышхуэрэ абрагъуэу іуащхьадахьиІ Іуащхьэмахуэ къыщалъагъум, апхуэдизкІэ шынагъуэм зэщІищтати, адэкІэ къэкІуэтэну ирамыкуу ІуагъэзыкІыжауэ.

ЛъагапІэжьыр тхьэхэм я тІысыпІэу икІи абыхэм санэхуафэщащІ щІыпІэу щытауэ адыгэхэм я нарт эпосми къыхощ. Тхьэр мыжьжьэм къызэриІуэтэжьмкІэ, щІыхухэм ящыщу абы ятІэ дыдэу дэкІар генерал Эммануэль 1829 гъэм иригъэкІуэкІауэ щыта зекІуэм гъуэгугъэльагъуэу яІа къэбэрдей щІалэ Хъэшырхэ Чыларщ.

Кавказым и шытх нэхъыщхьэмрэ абы къедзамрэ ящхьэщыт аранэ лъагапІэхэр, абыхэм я лъабжьэм щыщІэущхъуэнтІыкІ псыкъелъэ дахэкІейхэмрэ хьжьей къабзащэхэмрэ, бгылъэ щІыналъэр элъэщІэзыгъэхъэ лъагъуэхэр, къуршыпс уэрхэр «пІащІэрэ-тхъэтхъыу» здыщежэх тІуащІэхэмрэ абыхэм задэзыгъэпщкІухьа уэздыгъей мэзхэмрэ апхуэдизкІэ узыІэпызышэщ, гур хэзыгъахъуэщи, абыхэм Іуащхьэмахуэ и Іэхэ-лъахэм щІыхухэр ноби уэру кърашалІэ.

УЕТ Мухьэмэд.

● Гъэщіэгъуэнщ

Іуащхьэмахуэ бгыжь уардэ.

Псэм дыхьэ щІыпІэ дахэхэр.

Сыт «рекреацэ»-р зищІысыр?

Лэжьыгъэм, еджэныгъэм, унагъуэр зыхуей хуэгъэзэным зыкъыдигъахуэу, цІыхур щІыпІэ хэха гуэрым, зыщигъэпсэхун, и узыншагъэр щыдэтригъэувэжьын папщІэ, зэрыкІуэм «рекреацэ туризм» - кІэ йоджэ.

А фІэщыгъэм къызэщІеубыдэ, зыгъэпсэхуакІуэ ежьам езым фІэфІу къыхих щІыпІэ пхыдзахэри, цІыху куэд зэкІуалІэ зытегъэуПІэ - «зыкъызыхухэри», узыншагъэр зэрыгъэфІакІуэ Іэмал нэхъыфІу куэдым къызэралъытэр. АбыкІэ щІыхьэту къоув медицинэм щылажьэхэри. Лъэсу къэкІухьыным, пщІэ гуэр зэрыщІамытым и мызакъуэу, цІыхум и Іэпкъ-лъапкъыр зэрегъэубыд, «зэрына» и пкъыырыпкъыныхэр зэрегъакІуэ.

Дэтхэнэри «ди пІэ дизымыгъэзагъэ» къару нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, щІэ гуэр зэгъэщІэным сытым дежи дызэрыхуэпабгъэмрэ тпкърымыкІыу къыздекІуэкІ «дыздэкІуэм къыщытпэплъэр сыт?» жьхуІэ гупсысэмрэ. Щэхуми-нахуэми, апхуэдэ нэщэнэрэ хьэл-щэнрэ зыхэлъ цІыхухэм дэнэ щІыпІи уащрохьэлІэ икІи арагъэнущ дунейм тет къэрал псоми туризмэм пщІэ лей щІыхуащІыр.

Щыналъэр нэгузегъэужьыпІэщ, абы и мэзхэмрэ и псыхъуэхэмрэ зэрыщытауэ и щхьэзтрагъэнамэ, цІыхум сэбэп хуэхъу къэкІыгъэкъм щауращихьэпІэмэ, тхыдэщэнэрэ хьэл-щэнрэ зыхэлъ цІыхухэм дэнэ щІыпІи уащрохьэлІэ икІи арагъэнущ дунейм тет къэрал псоми туризмэм ди къэухьми зрагъэубгъу. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, археологие щІэныгъэм пыщІа щІытІ лэжьыгъэхэм кІэлъыплъыныр, къуалэбзухэм, псэущхьэхэм я псэукІэмрэ псышхуэ, хьыжьей лъабжьэхэм къыщыхъу-къыщыщІэхэмрэ щыгъуазэ захуэщІыныр, нэгъуэщІхэри.

«Рекреацэ» псалъэм къызэщІригъэуБыдэхэм иджыри халъытэ, бгы дэкІуеикІэм, къехьжыкІэм, щэкІуэкІэм, бдзэжьей ещэкІэм, шы тесыкІэм, къуэфэ лъэрыт цІыкІухэмкІэ хы сыдж «шэсыкІэм», нэгъуэщІхэми зэрыхуагъасэ Іэмалхэри.

Дауи, мы ящыкъуэ къедбжэкІахэм захуэгъэхъэзырыныбмрэ абыхэм хуэщІа Іэмэпсымэхэр зэгъэпэщыныбмрэ гугъуехь нэхъыбэ пыщІащ. Ауэ, абы щхьэкІэ къэмынэу, зи гугъу тщІы спорт лІэужьыгъуэхэм дихьэхэм я бжыгъэм зэпымыууэ хохьуэ.

Ди тхыгъэ кІэщІыр зытеухуар къриззщІэткъуэжу зы псалъэкІэ жьІэнщи, щІыуэпсым пыщІауэ цІыхум и ешымрэ и езэгъэ шымрэ щхьэщыжьыгъэу, зезыгъэгъэпсэху, къаруущІэхэр къыхэзыпІхьэж дэтхэнэ зы Іэмалри «рекреацэщ».

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ.

Кіыщокъуэ Алим и щІэр зезыхьэ Іуащхьэм и лъабжьэкІэ щыІэ бгы нэпкъ.

«Бгы», «бгэ» псалъэхэр бзэ зэблагъэхэм къызэрыщыкІуэр

Адыгэбзэм хэт «бгы» псалъэр абхъаз-абазэ «абгъа» («бгъа»-) псалъэм къытехъукІауэ хуагъэфащэ. Дон Іус Ростов дэс абхъаз щІалэ, псалъэхэм я къежьэкІэ хъуар, я лъабжьэр (этимологиер) зэхэгъэкІыным, бзэ зэблагъэхэр джыным, ахэр зэгъэпэщным куэд щІауэ дихьэх, тхыдэдзэ-этнолог цІэрыІуэ, журналист, «Кавказыр - псоми ди зэдай уэрэд» проектыр зыгъэхьэзыра икІи абы и унафэщІ Дасание Давид.

- «АБГЪА» - «бгъа» псалъэм абхъаз-абазэбзэм мыхьэнитІ щиІэщ: зыр (ятІэ пычыгъуэр нэхъ хэкъуэзуэ къыщапсэлъкІэ) - цІыхум е псэущхьэм и «тхыцІэ»-щ; етІуанэр («бгъа» пычыгъуэр къыщыхагъэщкІэ) - «Іуащхьэ»-щ, «бгы»-щ, е «къыр задэ пъагэшхуэ»-щ, - къыщыддогуашэ Интернетым езым къыщызэІуиха и сайтымкІэ зи гугъу тщІы щІалэр. - «Абгъа» - «бгъа» псалъэм хуэкІуэу адыгэбзэм (кІахэм, къэбэрдейми) хэт «бгы» псалъэми мыхьэнэуэ тІу иІэщ: ятІэ - «Іуащхьэ»-м хуэбгъакІуэ хъунущ, етІуанэр - цІыхум е псэущхьэм и тхыцІэм щыщ Іыхьэу дзажэналъэрэ шхужьымрэ я зэхуаку дэлъ «бгы»-рщ. Ауэ, гъэщІэгъэнэракъэ, мы иужьрейуэ зи гугъу тщІы Іыхьэм хуэгъэзауэ абхъазыбзэм «абгъадзарэ» псалъэри къыщыгъэсэбэп. Бзэ зэблагъэхэм зэщхьу хэт я апхуэдэ зэхэухуэнэкІэр зэрымыщІэкІэ къэхъуа Іуэхукъым.

ЯтІэм абхъазхэри адыгэхэри зыгуэрым ебгын щхьэкІэ лъагапІэ гуэрым дэкІуейхэрт. Абы и щыхьэтщ ди бзэхэм къыхэна псалъэхэри: абхъаз - «абгъара» (макъ теуэр иужьрей пычыгъуэм тохуэ), адыгэ - «бгэн», «бгыбзэ» (кІахэ), «гыбзэ» (къэбэрдей). Мы псоми къарыкІыр зыгуэрым ІейкІэ хуэупсэн мыхьэнэращ.

Зи гугъу тщІы псалъэхэм теухуауэ иджыри зы гъэщІэгъуэн. Адыгэхэм «бгыпэ» псалъэм къыргъэкІыр, зэрытщІащи, «лъагапІэм и нэз» е бгы нэхъ лъагэм и лъабжьэхэмкІэ щыІэ Іуащхьэ щыкІу мыхьэнэхэращ. Аращ я «Іуэху зыІутыр» абхъазыбзэм хэт «апгын», «абгъап» псалъэхэм.

АБАЗОКЪУЭ Ахьмэд.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

Адыгэ щІыпІэцІэхэр

Джэжьбэкъу - Лабэ адырщІкІэ щыпсэу къэбэрдей адыгэхэр апхуэдэу йоджэ КІыщейрэ (Киша) Уэрыстэнрэ (Уруштен) я зэхуаку дэт шытхэм, зэкъуэшитІ фІэкІа умыщІэну, зэгъунэгъубзэу зэдытет бгыжьитІымрэ ахэр зэпызыщІэ гуэзэщІэмрэ. Джэжьбэкъу Хуэдэ къэбэрдей жылэм удэту тыншу уолъагъу.

Джэкъуэ - апхуэдэу йоджэ Лабэ хэльэдэж псы бгъунж цІыкІумрэ ар зыблэж хъупІэмрэ. Мыпхуэдэ щІыпІэцІэ Сочэ и Іэхэльахэми ущрохьэлІэ. УрысыбзэкІэ «Джек» хужаІэ.

Джийхэ я псынащхьэ - Инжыдж цІыкІу и Іуфэм Іус ПсэукІэдахэ адыгэабазэ къуажэм и ипщэ-къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэщ. «Джий» псальэр абазэбзэм къытехъуэкІащ.

Джьо хэкужь - шапсыгъ, тенджыз ФІыщІэм хэльадэ Ашэ и сэмэгу лъэныкъуэмкІэ щыІэщ, «Джьохэ я хапІэжь» жьхуиІэщ. Лыгъуэтх шапсыгъ къуажэм пэжьыжьэхъым.

Азыгъуч - кІахэ адыгэ, Псыбэ и сэмэгу лъэныкъуэм Іут лъагапІэщ. Мы жьІэгъуэм и ятІэ Іыхьэмкіэ зэхэухуэна хъуа щІыпІэцІэ зыбжанэ а Іэгъуэблагъэм щызэхэпхынущ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ: **«Азипс»** - псыпцІэ псы цІыкІур (Апостолов); **«Азюпсь»** - Убын хэлъадэ псы бгъунжыр (Люлье); **«Азжьхъ»** - Пшышэ хэльадэр (Хъан Джэрий); нэгъуэщІхэри.

Азып - шапсыгъ, Агуипс (Агупс) и ижьырабгъу лъэныкъуэмкІэ щыІэ псынэпс псы цІыкІум апхуэдэу йоджэ. Мы щІыпІэм пэмжьжьхьэу ущрохьэлІэ **Азыпэтх** бгы екІуэжІми, абы и щхьэщыгу ит **Азыпэтха(ы)хъу** - хъупІэми.

Азыпэ ичІыгъу (икІыгъуэ) - Пшыш псым тыншу ущызэпрыкІ хъу щІыпІэм апхуэдэу йоджэ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, **азы** - пычыгъуэр абазэбзэм хэт **адзы - псы** псальэм къытепщІыкІащ.

Ажэжьбэкъу бгы зэхуакур.

● Псалъэжьхэр

Пці Іищэ нэхъ зы пэж

◆Зи жьэ зэІумыщІэм я гухэлъ зэрыщІэркъым.
◆Зи нэхъыжь зымылъытэм и щхьэ илъытэжыркъым.
◆Зигу фІы имылъым и щхьэ фІы къехъулІэркъым.
◆ЛІы и псалъэ епцІыжыркъым.
◆Псалъэ щабэ гущабэщІщ.
◆Псы икІыгъуэм унэмысу уи кІэ умылэт.
◆Пці Іищэ нэхъ зы пэж.
◆УзымыІэтыну къудамэм утемыувэ.

Щхьэц телъэщІа

● ГукъэкІыж

Радиокомитетым сыщылажьэу, си ныбжькІи еуэ-езгъэшхыу лІыкІуфІым себзкъуауэ, ауэ чыІыбжьэри фІэмыкІыпауэ жозыгъэІэ гуэркэри къытэхнауэ, бжьыхьэу Тэрч адрыщІ мыІэрысэныч колхоз гуэрым дашащ. Я районти, езы ди Іэтащхьэ Дыду дыдэри тщІыгъут. Пхъэщхьэмыщхьэ хадэ бэвым дыдихьэхри, зэхьэзэхуэнри къытэхъижьауэ еткъутэкІыу дыздыхэтым, махуэ уэфІ Хьарзынэм жьапщэшхуэкІэ зыкъызэкъуихри, жыгхэр къиудыныжу щІидзащ. ДызылъэмэІэсу жыг щхьэкІэм къыпина мыЗрыгъэ нэхъ нэфІэуфІэхэр къытхуезыгъэщэщэх жьым фІыщІэ хуэтщІурэ дылажьэрт.

НЭХЪ лэжьэрейуэ зыкъэзыгъэлъэгъуэхэм (сэри сахэту) хъыджэбз цІыкІу зырыз мыІэрысэр зэрытлъхьэ пэгуныр яхьыну гъусэ тщІауэ дызэпеуэрт. Си гъусэ хъыджэбз цІыкІым нэхъ нэмыскІфІэ умыгъэтыну и жьэр зэтелІати, зыгуэр жеІэми жэуап къыитжьысфыртэкъым. Иджы мы жьапщэ укъубеям дыздыхэтым, абы къышыщІар къыісхуэмыщІэу, къыщиудурэ дыхьэшхырт. Зэи-тІэуи сеупщІащ щІэдыкъэшхымкІэ, ауэ жэуап къызимытыфу аргуэру къыщиудырти спыІукІуэятэт. Ауэрэ пэгуныр из хъуауэ щесткІэ, къызэрысІуплъэу аргуэру къыщиудырт. Къэхъуар, жысІэу щыхэзгъэзэныкъым, «Тхъэ зыри бжезмыІэфыну», жери пэгуныр иныбащ. АпщІондэхуркІэ си щыгъынхэм сеплъыжащ: си бгырыпхри и пІэм итщ, си гъэзэщІэдж щІыІухэри пхащ, Хьэзрэт хуэдэу, си джанабгъэр тІэтауэ си бгъэци къыдэщцыртэкъым... Зыдзэгъэун щызмыгъуэтым, сытегушхуэри, мурад щІащІ иджы зэ дыхьэшхыжмэ, щхьэусыгъуэр къезгъэІуэтэну. Жьыри къызэрепщэу, дыхьэшхынри зэпыуауэ дыздэлажьэм, пэгуныр из хъури, си гъусэ хъыджэбз цІыкІым щыІэщІэзгъэувэм аргуэру къызэрысІуплъэу къыщиудащ. Ар апхуэдизкІэ зэрыплъэну икІи щІыкІафІэу дыхьэшхырти, си зэгуэрри сІэщІэхужьи-ти, сэри сыдэдыхьэшхыным сынэсырт, итІани зызубыдыжырт... Зыри щымыхъуми, си нэщхъыр зэхэзэукІэри, ткІийуэ сеупщІащ. Хьджабз цІыкІыр згъэгузавэри, пці езгъэупсащ:

- Тхъэ, хьэл делэ схуэхъуауэ схэлъмэ ар - жьы къыщепщэм деж содыхьэшх.

- Апхуэдэ хьэл щыІэ, жьы къыщепщэм деж угузэвным и пІэкІэ щІыхьэжьыу? - жызоІэ си нэщхъыр а зэрызэхэлъу.

- Тхъэ а жьыпІэр пэжмэ, Мухьэмэд, ауэ жьы къыщепщэкІэ дыхьэшхыу си анэшхуэм щыщІагъэм апхуэдэ хьэл хэльащ, - жиІэу хъыджэбз цІыкІым дахэ дыдэу сыкъызэригъапцІэри сызыгурымыІуэжу, си нэщхъыр зэхэкІыжауэ, езым мыІэрысэ пэгунитІыр ихьыну щІыкІым къысІэщІилъхьа жыІэ гъуджэ хъурей цІыкІым соплъэ: «Дэнэ щыІэ Мухьэмэд?» - жызоІэ. «Я Мухьэмэд», - жи гъуджэм къищым. «Я не Мухьэмэд», - жызоІэ.

- Дауэ узэрымы-Мухьэмэдыр?! Гъуджэм иплъэр щыуэракІэ къищри уэращ.

- Уэлэхьи, гъуджэм иплъэр сэракІэ - сэрамэ, ауэ къищыр, пхуэсІуэнщ сэрмыракІэ.

Дыхьэшхым иубыда мо хьджабз цІыкІым Мухьэмэд къызэрицІыхур моуэ тІэкІри зызыгъэкъулыкъущІэ лІы къабзэльабзэ хужь нэкІуІтІэ цІыкІуущ, и щхьэцыр дахэу зэщІэлъэщІадрэ зэрыщІепуэ. Иджыпстау гъуджэм къищыр сабэм иуа, абы къыкІуэцІрыжа пщІэнтІэпсым и лъэужьхэр зи напэм щызэбгрыжа лІыжь щхьэфэкъубзэ цІыкІут. А тІур хузэхуэмыгъэхъуу, жьыр къыщыкъуэуам си щхьэфэм щызэгъэпцІа щхьэц тІэкІур ириуду къыщІэща лІы къуий цІыкІур сэрауэ къыхуэмыщІэжу арат хъыджэбзыр къыщиудурэ зыгъэдыхьэшхыр.

Жьышхуэ къепщам си щхьэ щІыІум къытрихыу си пщам къыдиупцІэжа си щхьэц кІыхь бэлацэр зэхэсхыжуэ си ныбжьэгъуэм сахьыхэжри, тхъэрыІуэ кІыхь сучъуэдият афІэкІ тезмыгъэтыну, зэ умыІуэ жари сыкъызэтрагъэувыІащ. Ауэ етІуанэ махуэм, тхъэ Іээни хэмыту, си щхьэ фэкъум и унафэр сэр-сэру сщІыжащ, сэри сытыншыжащ. Аркъудей?! Си ныбжьэгъу гуэрхэми си щхьэр щапхъэ яхуэхъури загъэтыншыжащ. ИкІи аркъудейкъым, ди ныбжьэгъу, ди цІыхугъэ къулыкъущІэ гуэрми езы обком дыдэ щІэс закъуэтІакъуи къыхэхуэу, щхьэц телъэщІэныр щагъэтри тыншыжахэщ, ауэ зы «спасиби» ягу пыкІакъым. Сэ псори къыщежьа хъыджэбз дыхьэшхрилэ цІыкІым хэсщІ фІыщІэр ноби сухакъым.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Нэмэз щыгъуэ.
Мэжэр сурэтыщІ **Зичи Михай** *и литографие. 1853 гъэ*

● Хъуэхъу

Старэ Шэрэдж къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м адыгэбзэмкІэ илъэс 30-м щІигъуэуэ щезыгъаджэ Алборэ (Сижажэ) Іэминат Талий и пхъум и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу

Уи узыншагъэр быдэу, уигу хэзыгъэщІын умылъагъуу, адыгабзэр бгъэбзэрабзэу илъэс куэдкІэ упсэуну дынохъуэхъу.

Уи еджакІуэхэр.

Уи гуфІакІэм дэлъыр сыт?

«Хъуэжь къыхэзэуащ», - жиІэри щы зыгуэшым ар судым иритащ. Куэд дэмыкІыу судым ираджащ Хьуэжь. Ар щы-кІуэм и гуфІакІэм зы мывэ хъурей ин дилъхат.

Хъуэжь судыр зыщІэм нащхьэ хуищІри, къыпхиш и гуфІакІэм теуІуащ. «Мыбы Іулъхьэ къыскухихьащ», - жиІэри судыщІэр гуфІащ. Іэхуэм щыхэплъэм, «щІыр тэмэму бгуэшатэмэ, зыми уи гугъу къищІынтэкъым», - жиІэри Хьуэжь и дауэгъуэр абы къыщІихужащ.

ИужькІэ судыщІэм нащхьэ къыхуищІри, Хьуэжь ириджащ.

- Сыт а уи гуфІакІэм дэлъу узытеуІуар? - жиІэри къеупщІащ ар Хьуэжь.

- Мис мыращ, - Хьуэжь и гуфІакІэм зы мывэ хъурей ин къыдилъэфащ, - си Іэхэр къыумыгъэкІатэмэ, уи щхьэм сеуэу зэгуэзудыну арат.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

● Хъыбар зиІэ псэтъафэхэр

ЛІам унафэ ищІыжьыркъым

Къэзанокъуэ Жэбагъы щыІэм и щхьэгъусэр бгъэдыхьэри еупщащ:

- Сэ дауэ сыпсэуну, сыт унафэу къысхуэпщІрэ?

- Сэ уи унафэ сщІыну си Іуэху пхэлъыжькъым. ЛІам унафэ ищІыжьыркъым. Уи унафэр фыз хьэдагъэм щащІынщ, - къыжриІащ, «узратыжьынур фыз хьэдагъэм щыжаІэнщ» къригъэкІыу.

Сыкъаплъэмэ, фэракъэ слъагъунур!

ЛІыжьыр и псэм еджэу телът, и къуэжьхэр къеуэгкІауэ щхьэщыгт. ЛІыжьыр и къуэжэм яхуэзарэзытэкъым.

- Уэ, ди адэ, моуэ уи напІэ зэтехи, тІэкІу къаплъэт, - щыжраІэм:

- Сыкъаплъэмэ, фэ щІапІэ къомыракъэ слъагъунур! - жиІащ лІыжьым.

ТхъэмыщкІэр ди деж къэмыкІуэмэ, дэнэ кІуэн?

Увжьыкъуэ лІыжьым пхъурылъхум къиплъхужауэ зы Іыхьлы гуэр яшауэ иІэт. А лІыжьым фІэкІа абы ади, ани, Іыхьлыи иІэтэкъым.

- Зэгуэрым дыщ пэлъытэу иІэ лІыжьым деж пхъурылъхур къэкІуэжащ.

- Гуащэпагуэ къоокІуэж! - жраІащ лІыжьым.

- Сыт къэзыхужьи, емынэм къихужьрэ? - жиІэу лІыжьыр зэхущІащ.

- Мати пхъуанти иту зэгъэпэщащэу гукІэ къашэж! - щыжраІэм:

- Офыжи, куэбжэр Іуфх, тхъэмыщкІэр ди деж къэмыкІуэмэ, дэнэ кІуэн? - жиІащ лІыжьым.

Уэ укъыщаша махуэр

ЗэтІуанитІым я лІыр лІауэ ягъейрт.

- Нобэрей махуэр сыту гукъэтэгъэшхуэт! - гъуэгыурэ нэхъыщІэм щыжиІэм:

- Уэ укъыщаша махуэр нэхъ гукъэтэгъэшхуэт нобэ нэхърэ, - жиІащ нэхъыжьым.

● Псалъэкъэ щхьэмыгъуэхэр

Джэдыкіэжьапхъэ, шатэпскіэ щіауэ

Дзэху тепщэчым джэдыкІэр иракъутэри, тхъурымбэ къищІыху яудэ. Абы халъхьэ щимэ щІыкІуурэ упщІэта шыбжий плъыжь Іэфі, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа, шатэпс, гуэдз хьэжыгъэ хэудауэ. Ар псори хуэмурэ зэІащІэри, тхъу къэплъа зэрыт тебэм иракІэ. Тебащхьэр трапІэкри, лъэныкъуитІымкІи тхъэрпІэ дахэ хъуру ягъажьэ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж Іыхьэ-Іыхьэхуэрэ зэпаупщІ. Яшх пщтыру, пІастэ, щІакхъуэ, лэкъум и гъусэу.

Халъхьэхэр (цІыхуищ Іыхьэ): джэдыкІэу - 6, шыбжий плъыжь Іэфі - 1, гуэдз хьэжыгъэу - г 20, тхъууэ - г 30, шатэпсу - г 200, шыгъуу, шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

Къундэпсом фо, джэдыкІэ хэлъу

Къундэпсор къъуэщыным иракІэ, абы джэдыкІэ цІынэ уда хакъутэ, фо ГъэткІуэ хакІэ, фІыуэ зэІащІэри и щхьэр тепІаэу махуищ-плІыкІэ щІыІапІэ-кІыфІапІэм ягъэуэ, зэхэшпсыхьэн щхьэкІэ. Зи шхалъэ узхэм шхэгъуэ къэс ираф къундэпсоуэ зы стэкан (г 200).

Халъхьэхэр: къундэпсоуэ - г 1000, фоуэ - г 1000, джэдыкІэ цІынэу - 5.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Жьыгъуэхэр

Акъылым ухуешэ

◆Гугъэр - ныбгъуэщ, гъащІэр - бзыщ.
◆ГъащІэр къамылъэІуху хьэхущ.
◆Гъуэлъыж псори жейркъым, загъэкІэрахъуэ къыхонэ.
◆Дунейр зэрыбгъэщІэгъуэну щІыкІэр къыпхуэмыщІэуэрэ гъащІэр къыпІэщІоуэхэр.
◆Зэ къыщІэздзэжащэрэт гъащІэр жьзыІэм, къыщІимыдзэхуаэ арагъэнущ.
◆Зи гугъэ къызэмыхъулІахэм шхыдэ хъущІэкІэрэ я бампІэр ягъэтІысс.
◆Зы махуэр Іуэхукіэ зыхуэмыгъэнщІми, и гъащІэр фІэкІэщІщ.
◆Мурадыр къомыхъулІэу, зыхуэдэр пщІэнукъым.
◆Уи фэбжь зыхэлъым езы акъылым ухуешэ.
◆Унэр нэщІу къанэмэ, дзыгъуэри щІэзагъэркъым.
◆Щхьэж къыхуэгъащІэ и гъащІэщ.
◆Уигу илъ зэжмыІи, уэзфІщ.
◆Акъылыр гъагъэмэ, жьыгъэм и гъатхэщ.
◆Нэхъыщіэфі зэхъуліэр жьыщхьэ махуэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэдыкіэжьапхъэ, шатэпскіэ щіауэ

Дзэху тепщэчым джэдыкІэр иракъутэри, тхъурымбэ къищІыху яудэ. Абы халъхьэ щимэ щІыкІуурэ упщІэта шыбжий плъыжь Іэфі, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа, шатэпс, гуэдз хьэжыгъэ хэудауэ. Ар псори хуэмурэ зэІащІэри, тхъу къэплъа зэрыт тебэм иракІэ. Тебащхьэр трапІэкри, лъэныкъуитІымкІи тхъэрпІэ дахэ хъуру ягъажьэ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж Іыхьэ-Іыхьэхуэрэ зэпаупщІ. Яшх пщтыру, пІастэ, щІакхъуэ, лэкъум и гъусэу.

Халъхьэхэр (цІыхуищ Іыхьэ): джэдыкІэу - 6, шыбжий плъыжь Іэфі - 1, гуэдз хьэжыгъэу - г 20, тхъууэ - г 30, шатэпсу - г 200, шыгъуу, шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

Къундэпсом фо, джэдыкІэ хэлъу

Къундэпсор къъуэщыным иракІэ, абы джэдыкІэ цІынэ уда хакъутэ, фо ГъэткІуэ хакІэ, фІыуэ зэІащІэри и щхьэр тепІаэу махуищ-плІыкІэ щІыІапІэ-кІыфІапІэм ягъэуэ, зэхэшпсыхьэн щхьэкІэ. Зи шхалъэ узхэм шхэгъуэ къэс ираф къундэпсоуэ зы стэкан (г 200).

Халъхьэхэр: къундэпсоуэ - г 1000, фоуэ - г 1000, джэдыкІэ цІынэу - 5.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Фи лъэІукІэ

Лъагъуныгъэ лыгъэ

Псалъэри макъамэри Сэхъу Хьэсэн ейщ.

Лъагъуныгъэ лыгъэм сесрэ, уей,
Сыкъыумыщ Іэу гъащІэр сохьрэ, уей жи.

Ежьу:
Нэм нэбжьыцу сынщІэхуэм,
ЗэтупІэхукІэ уигу сыкъэкІым,
Уэ итІанэ сыт пщІэжыну, уей.

Пхъэ гъуэлъыпІэм зызогъэщІыр, уей,
Жей симыІэу нэху согъэщыр, уей жи.

Ежьу.
СыпхуэзэхукІэ укъызоплъыр, уей,
Укъыскуейуэ зикІ жумыІэ, уей жи.

Ежьу.
Шыгъуэ цІыкІур кІэбдзкІэ къофэр, уей,
Ди къэфэгъуэр зэрихьэлІэмэ, уей жи.
Ежьу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, Ширдий Маринэ *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, Гъурыжь Мадинэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэдэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-32-15; эдэхэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм -42-26-41; суэрттехым - 42-75-78.

Тедэзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхутъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныыгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и 33

ГушыІэ псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1.** ... лъакъуэ щІэмыту жаІэ щхьэкІэ, пэжыр сэтей къэхъуху абы зэІишІэм, зэранигъэу къишэм ущІэмыупщІэ. **3.** Тыкуэным е бззэрым къыщыпщэхуар етІуанэ махуэм пхьыжрэ «уи Іэмэпсымэм ныкъусанигъэ е сэкъат иІэщ, сІыхьж» жьапІамэ, и адэм и адэжьр зыукІар уэра хуэдэ, сатущІыр нэщхъкІэ къопыджэнущ. Аущ а псалъэтІым нэмыщІкІэ, абыхэм къарыкІыр къикІыу щыІэщ ещанэу нэгъуэщІ зы псалъэ. **5.** ЛІым жиІэм ємыдаІуэ, щІэщхьэ къыязыщІщІа Сэтым теухуауэ Шортэн Аскэрбий итхащ гушыІэ рассказ « ... къэплъащ» и цІэу. **6.** ЖыгыщІэхэр Іззэу «зыукъхъэнщІ» Іэщ цІыкІу. **7.** ЗыбгъэделІэу ебгъэлеІ къынугъкъым: адыгэ псалъэхьым зэрыжиІэмкІэ, джэгурэ ... нэ къраху. **8.** Хуей-хуэмеймин, джэрэзыжу мыл гущІыІум къыщагъафэ. **9.** Гуэрнэгъу щІалэр ... кущІрэ фо щІынэкІэ япІа фІэкІ пщІэнкъым, апхуэдизкІэ бланэщи. **12.** Зи шкафыр щыгъэшым къикъутэ цІыхубзым и лІым зыхуегъэтхъэмыщщкІафэ: «... сщичын сщыгъкъым, цІыхум сахьыхэн соукІытэ, нэгъабэ къэсщхуэ щубэр моднэжкъым». **15.** Шыни укІыти зымыщІэу щІымахуэ щыгъэшыр Іисраф зыщІ хьэпІащІэ. **16.** ... гущэрэлъгъэ фыз игъэпІъа лІырэ: тІури щІагъуэкъым. **17.** Уи дзыхь зэбгъэз хъуну псэуащхьэ. Ухуэпэжмэ, укъигъэпэжынущ - зэи утыку укъринэнукъым. **18.** Зил къыпщІэмыузым уи ... хуумыІуатэ. Гузавэ нэпцІ зищІми, къумпІар укъищІынукъым. **19.** Уи Іур зэриГъалъэу пхъэщхьэмыщхьэ гущІэ цІыкІу. Ауэ куэдым ящІу пІэрэ хъарбызышхуэм нэхърэ апхуэдэ зым витамину нэхъыбэ зэрыхэлъыр? **20.** «..., нэлат» жриІащ цІыхубзым къедыгъуэ и гъунэгъум. **23.** Іужажэм умрэщщышхуэр кІыбзеихьурэ ... зыІэрегъэхьэ, къыІэрыхьа иужь, цІыху сэфэтым икІыу напэр щыфІэкІуэд куэдрэ кхоху. **24.** ЦІыхухъу мыгъасэм нэхъыжь-нэхъыщІэ мимыщІу, цІыхубз щыт щхьэкІэ къимыгъанэу къыжьэдэкІ псалъэ гуемыІу. **27.** Совет властым и зэманым тІэпІыжу укъигъэщхэнт а ахъшэм. Иджы сеныч дестэ къыщІэкІыжьырщІ. **28.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэщи, ... имытмэ, сыт пщІэн, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **31.** Фадэр зи щІасэхэм ар зэнэзыпсу къащохьу, махуэ къэси ирафыфынущ, я узынщагъэр зэрикъутэр уэ-

Дыгъэгъаззм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 2. Бжэгъуу. 5. Пшапэ. 9. Гъурц. 11. Шей. 12. Шхуэ. 13. ЛъэгущІэуэ. 15. Набжэ. 17. Гъартэ. 19. Уэ. 20. Жэнэт. 22. Яе. 25. Елгъэр. 26. Зеикъуэ. 30. Сэ. 32. Къэлэр. 34. Ер. 35. Нысэгъу. 37. Прунж. 38. Андэгурэ. 39. Быж. 41. Уае. 42. Пщы. 44. Амдэч. 45. Къумахуэ.

Къехьу: 1. КІыр. 3. Жей. 4. Гъуаплъэ. 6. ЦІылъэгу. 7. Пэш. 8. Ішынауэ. 10. Сэтэней. 14. ЦІыбунэ. 16. Жыг. 18. Алъп. 20. Жырыкъ. 21. Тезыр. 23. Кхъуэ. 24. Акъужь. 27. Псынабэ. 28. Благъуэ. 29. Брежнев. 31. Ажэ. 33. Шыр. 36. Гъуабжэ. 37. Пэжым. 40. Жэм. 41. Уэху. 43. Щхьэ.

ЩІышылэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 2. Ажэ. 3. Ашэплъ. 6. ПхъэІэщэ. 7. Шыпс. 9. Хуарэ. 12. Вакъэ. 14. Псей. 16. Ету. 17. Бжьиз. 19. Къамэ. 21. КІагуэ. 23. Заур. 25. Темыркъан. 27. ЩоджэнцІыкІу. 30. Екъуэхъъун. 32. Гъартэ. 34. «ПІапсэ». 35. Блэгъу. 37. Гъэгуш. 38. Сэхъу. 39. Бзэгу. 41. Хьуэжэ. 43. Къэрэгъэш. 44. Тут.

Къехьу: 1. Пэжмэ. 4. Шхэпс. 5. Псэуу. 8. Псэ. 10. Альп. 11. Хьэту. 13. Къаз. 15. Сакъ. 18. Ирегъу. 20. Ауэ. 22. Гурхуэ. 24. Анзор. 26. Къан. 28. Джэгу. 29. Маплъэ. 31. Хьушэ. 33. Анэ. 36. ГъукІэ. 37. Гугъэ. 40. Гущэ. 41. ХьупІэ. 42. Шэру.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкІ Соня, редактору Жылаэ Маритэ, корректорхэу Афэ Тамарэ,** *(1, 3, 6-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэмэт,** *(2, 4, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Мырэзкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэгу ящІащ* **Дол Мариэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахьэу Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.246 ● Заказ №37